



TI JOEL

Reyalizasyon: AYTIKOMIK



ANN KONBAT KOLERA

Kanpay sansibilizasyon kont kolera / Aprann lave men, pou n viv pi byen




Ministère de la
Santé
Publique et de
la Population

Ministère
de l'Éducation
Nationale et de la
Formation
Professionnelle



Organisation
des Nations Unies
pour l'éducation,
la science et la culture



Pwofesè a mande elèv yo:



Ti Joel reponn

Kolera se yon maladi
ki bay dyare san rete,
dyare dlololo.

Klas la tonbe ri.

HA HA HA HA !!!
HA HA !!!

efektivman,
kolera se yon maladi ki bay dyare,
moun trape nan manje ak dlo
ki gen mikwòb kolera a.

KOLERA

Moun ki trape kolera a
ka mouri
si l pa jwenn swen rapid.
Se pou sa,
depi premye dyare a,
ba li bwè sewòm oral
epi mennen l
nan sant sante.



Ki sa nou ka fè
pou nou pa trape
kolera ?





Men ki prekosyon pou nou pran pou nou ka evite pran kolera:

- 1) Bwè dlo trete.
- 2) Lave men nou ak dlo trete ak savon, sitou avan nou manje, avan ak aprè nou fin okipe ti bebe yo, lè nou sot fè bezwen nou.



- (3) lè nou sot touche yon moun ki malad,
- (4) lè nou sot manyen oswa okipe yon moun ki gen dyare ak vomisman.






Mèt, kòman pou nou trete dlo?


A man in a red long-sleeved shirt and grey pants is shown from the back, listening to instructions. He has his hands clasped behind his back. The background shows a classroom setting with desks and other children.

Mete 5 degout jif oswa dlo klowòks nan yon galon dlo. Oswa bouyi dlo a, ou byen mete grenn ki fèt pou sa nan dlo a, tankou akwatab, kite dlo a poze pandan 30 minit avan nou sèvi. Sonje sekwe galon dlo a anvan nou sèvi avè l.






Kisa pou nou fè ankò
pou nou evite maladi kolera?



kote n ap viv tankou lakay nou,
lekòl nou dwe toujou pwòp.
Pou sa, fòk nou jete fatra nou nan poubèl
Si nou wè fatra atè
fòk nou ranmase yo lage
yo nan poubèl.



Après sa
lave men nou.



Trè byen Ti Joel,
men sonje, mwayen ki
senp epi ekonomik
pou nou konbat
maladi kolera
se lave men nou
souvan
ak dlo trete ak savon
sitou avan nou
manje epi aprè nou sot
nan twalèt.



Poukisa pou nou
toujou sèvi
ak savon ?
Dlo sèlman pa
sifi ?



Savon
an detwi
grès ak
salte ki sitire
mikwòb
kolera a
nan men nou



Se pou sa nou dwe
toujou itilize
savon lè n ap
lave men nou

Si nou kenbe
abitid sa yo
n ap gen plis chans evite
maladi tankou: kolera,
parazit (vè),
elatriye.



M ap ba nou yon ekzanp.
Pratik lave men an
pèmèt nou diminye 44%
ka lanmò
dyare konn
pwovoque.

Mwen pral eksplike nou
senk fason
pou nou byen
lave men nou.

Mouye

1



Savonnen

2



Fwote

3



4



Rense

Seche

5



Kouman pou nou lave men nou

Lave men nou ak savon anba tiyo, oswa mande yon moun vide dlo trete sou men nou

Byen mouye men nou anvan nou savonnen yo
Fwote zong, pwent dwèt, pla men ak do men yo
Rense yo byen rense
Souke yo pou yo seche.

NB. *Yon dlo trete se yon dlo ki bouyi
oswa yon dlo ki gen klowòks
oswa grenn ki fèt pou sa tankou akwatab.*

Pwoteje tèt nou pou n pa trape kolera.

Ann konbat **KOLERA**



Bwè dlo trete
Lave men nou
ak dlo trete
ak savon sitou
avan nou manje,
avan ak aprè
nou fin okipe
ti bebe yo,
lè nou sot fè
bezwen nou,
lè nou sot touche
yon moun ki malad,
lè nou sot manyen
oswa okipe
yon moun ki gen
dyare ak vomisman.





Elèv yo chita nan lakou rekreyasyon an yon kote ki pwòp
y ap manje, gen yon elèv ki kouri pase bò kote yo a, li di:

Men samuel
gen yon gwo dyare
ak vomisman!!!





Genlè se Kolera, m ap kouri nan direksyon an.







Se vre Ti joel
gen lè se kolera.

fòk li bwè
sewòm oral
avan nou mennen l
nan sant sante
mwèn gen sewòm tou pare

*Direktè a tounen al pran
sewòm nan biwo li
epi li tounen vin bay
elèv malad la sewòm nan.*









Bravo ti joel, li enpòtan anpil ! pou n toujou lave men nou souvan ak dlo trete ak savon. sitou lè nou sot nan twalèt lè nou sot nan mache, avan nou bay timoun manje lè nou sot nan jaden, lè yon timoun fin jwe.



Savon an detwi grès ak salte ki sitire mikwòb kolera a. Se yon pyès enpòtan lè nou ap lave men nou. L ap pèmèt nou evite trape maladi tankou: kolera, dyare elatriye.. M ap ba nou 5 fason pou n byen lave men nou.



- Lave men nou ak savon anba tiyo, oswa mande yon moun
- vide dlo trete sou men nou
 - Byen mouye men nou anvan nou savonnen yo
 - Fwote zong, pwent dwèt, pla men ak do men yo
 - Rense yo byen rense
 - Souke yo pou yo seche.

Aprè elèv yo fin ale nan lopital ak elèv malad la,
yo ap pale youn ak lòt.



Èvite manyen vomisman
ak poupou yo,

vide dlo klowòks sou yo
avan nou jete yo nan latrin


Jete poupou timoun yo
nan latrin, oswa fouye yon twou
byen fon mete yo,
aprè sa bouche twou a.



Se pou sa nou
dwe evite fè bezwen
nou atè, bò sous dlo
epi bò larivyè.



Nou dwe
fè bezwen nou
nan latrin aprè sa
kouvri bouch latrin yo.





MESAJ PREVANSYON
POU PWOTEJE NOU KONT KOLERA

Siy kolera

Mikwòb kolera a bay dyare ak vomisman.

Tout dyare pa kolera.

Dyare kolera a gen koulè blanch tankou dlo diri,
li pa santi,

epi moun ki genyen l pou pou souvan.

Depi nou wè premye dyare sa a, komanse bwè sewòm oral,
ale san pèdi tan nan sant sante ki pi pre nou an.

Kolera fè moun pèdi tout dlo nan kò l. Sonje, bwè anpil likid
tankou dlo trete, sewòm oral ak ji ki prepare

nan bon kondisyon li jwenn ak dlo trete.

NB. Yon dlo trete se yon dlo ki bouyi,

oswa yon dlo ki gen klowòks

oswa grenn ki fèt pou sa tankou akwatab.

Moun ki gen kolera

Mennen san pèdi tan tout moun ki gen dyare
ak vomisman nan sant sante

Bwè souvan anpil likid tankou dlo trete, swòm oral,
ji ki byen prepare

Toujou bay ti bebe yo tete menm si yo gen kolera
pandan n ap swiv règ ijwenn yo.

NB. Yon dlo trete se yon dlo ki bouyi,

oswa yon dlo ki gen klowòks

oswa grenn ki fèt pou sa tankou akwatab.

Ti Joel ap jwe foutbòl. L ap fè chenè.



Bò kote l, Fanfan ak de lòt zanmi ap achte bagay pou yo manje nan men yon machann.









Ti malveyan,
wa p fè m pèdi kliyan.
Ou wè pate sa yo ka gen kolera.

Si ou kontinye
li pap bon pou
mwen avè w non.



Manmi,
sa m ap di w la ka bon
pou ou tou . I ap pèmèt ou
pwoteje tèt ou
kont maladi kolera tou.







Lave men nou ak savon anba tiyo, oswa mande yon moun vide dlo trete sou men nou

- Byen mouye men nou anvan nou savonnen yo
- Fwote zong, pwent dwèt, pla men ak do men yo
 - Rense yo byen rense
 - Souke yo pou yo seche

NB. Yon dlo trete se yon dlo ki bouyi, oswa yon dlo ki gen klowòks oswa grenn ki fèt pou sa tankou akwatab.



Men 5 fason
pou byen lave men w.





Nou nan zòn bò lakay
ti joel,
espesyalman
ka vwazen fresnò,
k ap chante
yon chanson angaje,
yon chante pwen, paske
britsoukou
fanfan gen yon gwo
dyare ak vomisman
san rete.



Selimèn, nou gen
... nou gen pèsekisyon



Sa pa senp menm mezanmi,
tout remèd mwen bay pitit la...






Avanyè mwèn wè vwazen
Andrechat ki
t ap pipi nan peron kay la.










Vwazen fresnò soti tou andyable li pa tande li pa wè.

*Li parèt sou vwazen Andrechat
ki t ap fè yon ti kabicha.*

RON!

RON !!!




**MEN PAW
MALFEKTE**

!!!






*Kèk semèn aprè, elèv la tounen nan lekòl la,
okenn zanmi l yo pa chita bò kote l,
yo pa pale avè l, yo tout gonfle kò yo yon sèl ti kote.*



*Pwofesè a ki te kòmanse ap dispanse kou a remake
samuel chita tris dlo ap koule nan je l.*








Timoun ban m di nou sa, si nou pa t konnen l, yon moun ki te gen kolera ki geri, pa reprezante okenn danje,



Paske bay akolad,
anbrase oswa bay lanmen
ak yon moun ki te gen kolera,
pa ka fè nou trape kolera.
Sonje, pou nou pa trape
kolera
nou dwe respekte règ liyèn yo.



Dayè se
kontan pou nou ta kontan,
nou wè nou pa pèdi
samuel, nou dwe sipòte l
paske li
gen anpil kouraj
; moun ki gen maladi a ,
bezwen anpil sipò fanmi, zanmi ak
moun nan lantouray li.
Li gen anpil chans
nou te gentan ba li sewòm
oral epi mennen
li nan sant sante
san pèdi tan.



FEN

QUESTIONNAIRE

- 1 - Qu'est-ce que le cholera ?
- 2 - Quelles sont les précautions à prendre pour éviter le cholera ?
- 3 - Comment peut-on le mieux combattre le cholera ?
- 4 - Quelle est la meilleure façon de se laver les mains ? Donner l'explication en 5 étapes.
- 5 - Pourquoi utiliser le savon pour se laver les mains ?
- 6 - Quand doit-on se laver les mains ?
- 7 - Comment traiter l'eau ?
- 8 - Comment préparer le sérum oral ?
- 9 - Comment préparer le sérum soi-même ?
- 10 - Est-ce que quelqu'un qui est guéri du cholera représente toujours un danger pour ses proches ?
- 11 - Comment peut-on identifier le cholera ?
- 12 - Comment préparer les aliments ?
- 13 - Le cholera est-il une malédiction ?
- 14 - Pourquoi utiliser les latrines pour faire ses besoins ?

KEKSYONE

- 1 - Ki sa kolera ye ?
- 2 - Ki sa nou ka fè pou nou pa trape kolera ?
- 3 - Ki mwayen ki pi sèp pou nou pa trape kolera ?
- 4 - Ba nou senk (5) pi bon fason nou ka lave men nou ?
- 5 - Poukisa li enpòtan pou nou lave men nou ak savon ?
- 6 - Kilè nou dwe lave men nou ?
- 7 - Kòman pou nou tretè dlo ?
- 8 - Kijan pou nou prepare sewòm oral ?
- 9 - Kijan pou nou prepare sewòm lakay si nou pa gen sachè sewòm ?
- 10 - Eske yon moun ki te gen kolera ki geri, reprezante yon danje pou lòt moun ?
- 11 - Kòman pou nou rekonèt lè yon moun gen kolera ?
- 12 - Kòman pou nou prepare manje ?
- 13 - Eske kolera se yon maladi malfektè ?
- 14 - Poukisa nou dwe fè bezwen nou nan latrin ?

REPONSES

- 1- Le choléra est une maladie qui provoque la diarrhée et souvent des vomissements, on peut l'attraper par l'eau et la nourriture infectée par le microbe du choléra.
- 2- On peut se protéger en respectant les règles simples d'hygiène et de préparation des aliments : se laver soigneusement les mains, en particulier avant de préparer la nourriture et de la consommer, bien cuire les aliments et les manger pendant qu'ils sont chauds. Traiter l'eau ou la faire bouillir au moins 30 minutes. Utiliser des installations sanitaires.
- 3- Le moyen le plus simple et plus économique est de se laver les mains avec du savon régulièrement et de maintenir son environnement propre et jeter les détritus dans les poubelles.
- 3- 1 Se mouiller les mains
- 2- Savonner
- 3- Frotter
- 4- Rincer
- 5- Sécher
- 5- Le savon détruit la graisse et la saleté qui transportent le plus de microbes.
- 6- Après avoir utilisé les toilettes ou nettoyé un enfant, la nourriture et de manger.
- 7- Mettez cinq (5) gouttes de chlore dans un gallon d'eau. Ou bien faire bouillir l'eau, ou encore y mettre des comprimés de chlore comme l'Aquatab. Laisser l'eau se reposer pendant 30 minutes, secouer le gallon avant d'utiliser l'eau.
- 8- Mesurer un litre d'eau (équivalent de trois petites bouteilles de coca ou deux grandes bouteilles) Verser l'eau dans le récipient, mélanger un sachet de sérum oral avec la quantité d'eau. Mélanger et puis recouvrir le récipient.
- 9- Mettre dans un gallon d'eau traitée six cuillères de sucre et une demi-cuillère de sel. Se servir d'une cuillère à soupe pour mesurer les doses.
- 10- Quelqu'un qui a été atteint du choléra ne représente plus aucun danger. Nous ne pouvons pas attraper le choléra en embrassant ou en donnant la main à quelqu'un qui est guéri du choléra.
- 11- Les symptômes du choléra sont :
 - La diarrhée comme de l'eau de riz en très grande quantité
 - Vomissements (parfois)
 - Crampes aux jambes (parfois)
 - Faiblesse générale (parfois)
- 12- La nourriture doit être bien cuite et les fruits et légumes bien lavés avec de l'eau traitée. Il faut manger les aliments qui sont protégés contre les mouches et la poussière.
- 13- Non, le choléra n'est pas une maladie maléfique. Il s'agit d'une bactérie qui peut frapper tout le monde si nous n'appliquons pas les règles d'hygiène.
- 14- Parce que les excréments sont la source de contamination du choléra. Utiliser les latrines permet d'éviter que le choléra soit propagé par l'eau des pluies et l'eau des rivières.

REPONS

- 1- kolera se yon maladi ki bay dyare epi souvan li bay vomisman, moun trape maladi sa nan manje ak dio ki gen mikwòb kolera.
- 2- Respekte règ ijyèn yo : Lave men nou ak dio trete ak savon, sitou avan nou manje, avan ak apre nou fin okipe ti bebe yo, lè nou sot fè bezwen nou, lè nou sot touche yon moun ki malad, lè nou sot manjen oswa okipe yon moun ki gen dyare ak vomisman. Manje nap manje sipoze byen kwit, fwi ak legim yo byen lave, bwè dio trete oswa bouyi dio a pandan 30 minit. Itilize latrin pou fè bezwen nou.
- 3- Mwayen ki pi senp epi ekonomik se lave men nou souvan ak savon epi dio trete. Kote n ap viv sipoze pwòp epitou jete fatra yo nan poubl.
- 4- 1 Mwaye men w
2- Savonnen
3- Fwote
4- Rense
5- Seche
- 5- Savon an detwi grès ak saite ki sitire mikwòb kolera a nan men nou.
- 6- Lè nou sot nan latrin, lè nou sot okipe ti bebe oswa yon moun malad, Avan nou touche manje yo epi avan nou manje yo.
- 7- Mete 5 degout jif oswa dio kiowòks nan yon galon dio. Oswa bouyi dio a, oubyen mete grenn ki fèt pou sa nan dio a, tankou akwatab, kite dio a pouze pandan 30 minit avan nou sèvi. Sonje souke galon dio a anvan nou sèvi avè l.
- 8- Lave men w, lave po, kiyè, bòl ak boutèy ou pwai sèvi yo. Meziye yon lit dio, vale 3 ti boutèy kola oswa de (2) boutèy gran manje. Vide lit dio a nan po a, vide sachè poud sewòm oral la nan lit dio a, brase l pou l byen melanje epi kouvi po a.
- 9- Mete nan yon galon dio trete sis (6) kiyè sik ak demi kiyè sèl fen. Sèvi ak kiyè nou abitye manje.
- 10- Yon moun ki te gen kolera ki geri, pa reprezante okenn danje, paske bay akolad, anbwase oswa bay lanmen ak yon moun ki te gen kolera, paka fè nou trape kolera. Sonje, pou nou pa trape kolera nou dwe respekte règ ijyèn yo.
- 11- Depi nou wè li gen:
- Dyare koule dio dir
- Vomisman (patwa)
- Krap nan jant (patwa)
- Febles jeneral (patwa)
- 12- Manje yo dwe byen kwit, fwi ak legim yo byen lave ak dio trete. Manje yo dwe kouvi pou mouch ak pousye pa tonbe ladan yo.
- 13- Non, kolera se pa yon maladi malfekte. Se yon mikwòb tout moun ka pran si nou pa respekte règ ijyèn yo.
- 14- Itilize latrin anpeche kolera chita kòl nan rivyè ak dio lapli, paske se nan poupoù jèm kolera rete.

Mouye



1

Savonnen



2



3

Fwote



5

4



Rense



Seche

Men 5 fason
pou byen lave men w.



ANN KONBAT KOLERA

KANPAY SANSIBILIZASYON KONT KOLERA / APRANN LAVE MEN POU N VIV PI BYEN



Ministère de la
Santé
Publique et de la
Population

Ministère
de l'Éducation
Nationale et de la
Formation
Professionnelle



Organisation
des Nations Unies
pour l'éducation,
la science et la culture

Illustration : Jud-Alix Francois / AYITIKOMIK

Imprimé en Haïti par Quality Plus

©UNESCO octobre 2011